**Литература**

1. Абдалина Е.А., Хошимова Р.Ж. Инглиз тили дарслиги. – Тошкент: «Университет», 2000.
2. Ахмедова Л.Т., Лагай Е.А. Современные технологии преподавания русского языка и литературы. – Тошкент: «Фан ва технология», 2016.
3. Берн Э. Игры, в которые играют люди: психология человеческих взаимоотношений. - СПб. -М.: Университетская книга: АСТ, 1997.
4. Донских Н.В. Педагогика начального образования: учебное пособие для вузов. – Комсомольск-на-Амуре: 2010.
5. Лешкевич Т.Г. Смысл и специфика игрового познания в человеческой жизни. // Этическая мысль. 2018. №2. –С. 156-162.
6. Нуратдинова Н.Б. Teaching prepositions in primary school through games: A literature review. // Mental Enlightenment Scientific-Methodological Journal, *5*(08), 2024. 265–269.
7. Нуратдинова Н. Enhancing preposition teaching in schools through game technology. // Преимущества и проблемы использования достижений отечественной и мировой науки и технологии в сфере иноязычного образования, *1*(1), 2024. –С. 238-240.
8. Пиаже Ж. Речь и мышление ребенка. – Санкт-Петербур: «Союз», 1997.
9. Рубинштейн С.Л. Основы общей психологии. – Санкт-Петербур: «Питер», 2002.
10. Селевко Г.К. Современные образовательные технологии: учебное пособие. – Москва: «Народное образование», 1998..
11. Хёйзинга Й. Человек играющий. (Homo ludens). сост., предисл. и пер. [с нидерл.] Д.В.Сильвестрова; коммент. 2-е изд., испр. – Москва: «Айрис-пресс», 2003.
12. Эльконин Д.Б. Психология игры. – Москва: «Владос», 1999.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада чет тилларни ўқитишда ўйин технологияларининг ўрни, уларнинг назарий асослари ва педагогик салоҳияти таҳлил қилинади. Педагогик ўйинларнинг ўқувчиларда мотиватсияни ошириш, коммуникатив компетенсияни шакллантириш ва фаол иштирокни рағбатлантиришдаги аҳамияти алоҳида таъкидланади. Инглиз тили предлогларини ўргатишда ўйин методларининг самарадорлиги, уларнинг контекстуал машқ яратиши ва қизиқишни қўллаб-қувватлаши кўрсатилади. Замонавий таълимислоҳотлари шароитида ўйин технологияларини янада такомиллаштириш зарурлиги асосланади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается роль игровых технологий в обучении иностранным языкам, их теоретические основы и педагогический потенциал. Особое внимание уделено педагогическим играм, которые способствуют развитию мотивации, коммуникативной компетенции и активному вовлечению учащихся. Отмечается эффективность игр при обучении английским предлогам, так как они создают контекстную практику и поддерживают интерес. Подчеркивается необходимость дальнейшего совершенствования игровых методов в условиях современных образовательных реформ в Узбекистане.

**SUMMARY**. This article explores the role of game-based technologies in foreign language teaching, emphasizing their theoretical foundations and pedagogical potential. It highlights the distinctive value of pedagogical games in enhancing motivation, communicative competence, and learner engagement. Particular attention is given to the teaching of English prepositions, where games provide contextualized practice and support sustained interest. The study underscores the need to further develop game-based approaches in line with current educational reforms in Uzbekistan.

## SANLÍ BILIMLENDIRIWDE OQÍTÍWShÍNÍŃ ORNÍ HÁM WAZÍYPALARÍ

**G.U.Orazbaeva –** *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** raqamlashtirish, raqamli ta'lim, raqamli ta'lim muhitida o'qituvchining o'rni, raqamli kompetensiyalar, moderator, o'qituvchining shaxsiy veb sayti.

**Ключевые слова:** цифровизация, цифровое образование, роль учителя в цифровой образовательной среде, цифровые компетенции, модератор, персональный сайт учителя.

**Key words:**digitization, digital education, the role of the teacher in a digital learning environment, digital competencies, moderator, teacher's personal website.

**Kirisiw.** Búgingi kúndegi sanlı transformaciya processleri bilimlendiriw tarawına da áhmiyetli ózgerisler alıp kelmekte. Dástúriy klass hám auditoriya taxtaları menen sheklenip qalǵan oqıw procesi endi internet, multimedia quralları, jasalma intellekt hám sanlı bilimlendiriw platformaları arqalı jańa sapa basqıshına kóterilip atır. Usınday sharayatta oqıtıwshınıń kásiplik jumısı, roli hám wazıypalarına da talaplar kúsheyip barmaqta.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 5-oktyabrdegi PP-6079-sanlı «Sanlı Ózbekstan – 2030» strategiyasın tastıyıqlaw hám onı nátiyjeli ámelge asırıw is-ilajları haqqında»ǵı Pármanında sanlı texnologiyalar menen islesiwde tájiriybeli kadrlardı jetilistiriw boyınsha bir qatar wazıypalar belgilengen [1]. Sanlastırıw degenimiz – sanlı texnologiyalar járdeminde maǵlıwmatlardı jazıp alıw hám uzatıwdıń sanlı usılına ótiw. Házirgi kúnde "sanlı sawatlılıq", "sanlı bilimlendiriw" boyınsha túsinikler keń jámiyetshiliktiń dıqqat-itibarın tartpaqta. Sanlastırıw insan iskerliginiń barlıq tarawların tereń hám jedel iyelep atırǵanlıqtan jámiyet aldında endi mine usı sanlı kásiplik kompetenciyalarǵa iye bolǵan qánigelerdi jetilistiriw wazıypası turıptı.

**Ádebiyatlar analizi.** Sanlı bilimlendiriwde hár bir qatnasıwshınıń tiyisli kompetenciyaları bolıwı kerek, yaǵnıy puqaranıń jeke kompetenciyaları elektron ortalıqta

da qáliplesedi. Onıń kónlikpe, uqıplılıq, bilim, kompetenciyaları toplanǵan tájiriybesinen, túrli jetiskenliklerinen kórinip turadı. Bul onıń miynet bazarında básekige shıdamlılıǵın kórsetedi. Insan miynet bazarında básekige shıdamlılıǵın arttırıw maqsetinde jetispey turǵan kompetenciyaların qáliplestiredi hám qánigeligin asıradı. Belgili pedagog, ilimpaz T.V.Potemkinanıń pikirinshe pedagogtıń sanlı kompetenciyaları bilimlendiriwdiń sanlı didaktikalıq imkaniyatları hám resurslarınan paydalanıw imkaniyatın da beredi [2]. Sanlı didaktikanı rawajlandırıw ushın didaktikalıq joybarlar menen birgelikte tálim alıw hám jańa bilimlerdi ózlestiriwdi názerde tutadı.

Pedagoglardıń sanlı kompetenciyaları Evropa modeli Digital Competenct of Educator (DigCompEdu) da kórsetilgen. Onda sanlı kompetenciyalardı qáliplestiriw yaǵnıy zamanagóy pedagog qanday kompetenciyalarǵa iye bolıwı kerekligin tereń túsindirip tallap bergen. Sol arqalı oqıtıwshı bilimlendiriw ortalıǵında innovaciyalıq iskerliginde sanlı usıllardan nátiyjeli paydalanıwı kórsetilgen [3].

**Tiykarǵı bólim.** Sanlı bilimlendiriw – bul tálim procesiniń sanlı texnologiyalar járdeminde dúziliwi. Bunda onlayn platformalar, multimedia resursları, mobil qosımshalar, jasalma intellekt, oyın elementleri (gamifikaciya) hám basqa da sanlı qurallar qollanıladı [4]. Bul túsinik tálimdi jáne de interaktiv hám jekelestiriwge qaratılǵan bolıp, oqıwshılardı hár túrlı texnologiyalıq qurallar arqalı tálim procesine tartadı. Házirgi pedagoglar sanlı ortalıqta islew menen birgelikte toplanǵan maǵlıwmatlardı interaktiv islew kónlikpelerine de iye bolıwı kerek.

Sanlı bilimlendiriw ortalıǵı – bilimlendiriw procesinde sanlı texnologiyalar, onlayn platformalar, elektron resurslar hám jasalma intellekt imkaniyatların birlestirgen, interaktiv hám ashıq málimleme mákanı bolıp esaplanadı. Onıń tiykarǵı ózgesheliklerinen biri oqıwshı qálegen jerde, qálegen waqıtta bilim alıwı múmkin. Sonday-aq, bilimlendiriw individual mútájlik hám qızıǵıwshılıqlarga sáykes túrde shólkemlestiriledi. Oqıwshınıń aktivligi artadı, muǵallim hám oqıwshı ortasında real waqıt rejiminde baylanıs kúsheyedi. Multimedia, AR/VR, jasalma intellekt, learning analytics sıyaqlı innovaciyalıq texnologiyalar qollanıladı. Bunday sanlı ortalıqtaǵı bilimlendiriw procesiniń nátiyjeliligi tiykarınan oqıtıwshınıń sanlı sawatlılıǵı hám onıń pedagogikalıq sheberligine baylanıslı boladı. Jańa informaciyalıq hám kommunikaciyalıq texnologiyalar sanlastırılǵan ortalıqta ózleriniń baǵdarın durıs alıwda pedagoglarǵa qosımsha bilimler, kónlikpeler zárúr. Sanlı bilimlendiriw ortalıǵı hám sanlı bilimlendiriw mákemesinde jumıs islew ushın álbette, sanlı kompetenciyalarǵa iye bolıwı kerek.

Dástúriy bilim beriwde oqıtıwshı bilim deregi hám qadaǵalawshı shaxs sıpatında kórilgen bolsa, sanlı bilim beriwde onıń ornı bir qansha keńeyedi:

1. Jolbasshı – oqıwshını maǵlıwmat aǵımında durıs baǵdarlaydı.

2. Fasilitator – bilimlerdi óz betinshe izlep tabıw hám ámelde qollanıw imkaniyatın jaratadı.

3. Moderator – onlayn talqılawlar, forumlar hám topar jumıslarında jumıstı basqaradı.

4. Motivaciyalawshı – oqıwshını turaqlı óz ústinde islewge ruwxlandıradı.

5. Sanlı pedagog – oqıw procesinde texnologiyalardı nátiyjeli qollanadı. Sol sebepli, sanlı bilimlendiriw oqıtıwshıdan dástúriy bilim beriw funkciyalarınan tısqarı, zamanagóy bilimlendiriw menedjeri sıpatında jumıs alıp barıwdı talap etedi.

Sanlı kompetenciyalar pedagogtıń sanlı resurslardı tańlap alıw qábiletin de qáliplestiredi, oqıwshılarǵa kerekli maǵlıwmattı tabıwǵa beyimlesip isleydi, óziniń sanlı bazasın shólkemlestiredi hám kásiplesleri qáwipsiz paydalanıwlarına sharayat jaratadı. Bul bazadan oqıwshılar hám olardıń ata-anaları da paydalanıwı múmkin. Sanlı sawatlılıq pedagogtıń informaciyalıq hám media sawatlılıǵı menen baylanıslı. Pedagog kásiplik birge islesiwde óz-ózine informaciya jıynawı, sanlı bilimlendiriw ortalıǵında oqıwshılardıń aldındaǵı mashqalalardı joqarı dárejede sheshe alıwı kerek. Sanlı texnologiyalarda oqıwshılardıń nátiyjeli oqıwı hám bilim alıwın támiyinlewi kerek.

Sanlı sharayatta oqıtıwshı: bilimlendiriw procesin shólkemlestiriw, yaǵnıy onlayn hám oflayn shınıǵıwlardı úylestiriw, virtual klaslar hám aralıqtan bilim beriw platformalarınan paydalanıw, multimedia sabaq materialları hám elektron resurslar jaratıw sıyaqlı áhmiyetli wazıypalardı orınlaydı. Sonday-aq, pedagogikalıq interaktivlikti támiyinlew de baslı wazıypalardan esaplanadı. Bunda oqıwshılar menen onlayn baylanıstı jolǵa qoyıp, forum, chat, vebinarlar arqalı bilimlendiriw iskerligin basqarıw kerek boladı. Sociallıq-emocional qollap-quwatlawdı da óz waqtında ámelge asırıwdı umıtpaw kerek. Sanlı bahalaw sistemaların qollanıwda elektron testler, portfoliolar, bilimlerdi basqarıw sisteması (LMS) imkaniyatlarınan paydalanıw hám jekelestirilgen bahalaw kriteriyaların islep shıǵıw kerek. Oqıwshılardıń sanlı mádeniyatın qáliplestiriwge ayrıqsha dıqqat awdarıw lazım. Internet etikası, kiberqáwipsizlik hám málimleme mádeniyatına úyretiw, sın kózqarastan pikirlew hám informaciyanı tallay alıw, jasalma intellektten sanalı hám nátiyjeli paydalanıw kónlikpelerin qáliplestiriw kerek.

Sanlı bilimlendiriwde oqıtıwshı óziniń kásiplik rawajlanıwın turaqlı qadaǵalaw hám bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw jolında izleniwi talap etiledi. Bunda onıń jeke veb-saytı bolıwı jaqsı nátiyje beredi. Oqıtıwshınıń jeke veb-saytı bul onıń kásiplik rawajlanıw jolındaǵı jetiskenlikleri, alǵa qoyıp atırǵan pedagogikalıq ideyaları hám de oqıw procesinde qollanıp atırǵan metodları haqqında tolıq maǵlıwmat beriwshi elektron hújjetler toplamı. Zamanagóy texnologiyalardıń rawajlanıwı nátiyjesinde oqıtıwshılardıń jeke veb-saytın jaratıw usılları da jetilisip barmaqta. Sanlı texnologiyalar járdeminde interaktiv, multimedialı texnologiyalarǵa tiykarlanǵan veb-saytlar jaratıw imkaniyatı keńeymekte. Zamanagóy bilimlendiriw procesinde oqıtıwshınıń kásiplik rawajlanıwın hújjetlestiriw hám bahalaw úlken áhmiyetke iye. Usı kózqarastan, oqıtıwshı jeke veb-saytın jaratıw hám onnan nátiyjeli paydalanıw boyınsha xalıqaralıq hám milliy izertlewler kóplegen avtorlar tárepinen úyrenilgen. Helen Barrett óz izertlewinde oqıtıwshı jeke-saytları eki tiykarǵı tárepti qamtıp alıwın atap ótken: birinshiden, bul onıń kásiplik rawajlanıwın hújjetlestiriwge xızmet etse, ekinshiden, ol bilim beriw procesinde innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw imkaniyatın jaratadı, yaǵnıy, elektron saytlar oqıtıwshınıń óziniń kásiplik rawajlanıwın bahalawı hám óziniń sanlı kónlikpelerin kórsetiwi ushın nátiyjeli qural esaplanadı.

Oqıtıwshınıń jeke veb-saytı pedagogtıń bilimlendiriw, ilimiy, metodikalıq hám jeke iskerligin internet tarmaǵında sáwlelendiriwshi sanlı platforma bolıp, ol bilimlendiriw procesin jáne de nátiyjeli shólkemlestiriw, oqıwshılar hám ata-analar menen tikkeley birge islesiwdi rawajlandırıw imkaniyatın beredi. Bunday sayt – oqıtıwshınıń vizitkası bolıp xızmet etedi, yaǵnıy onda oqıtıwshınıń tájiriybesi, metodikalıq islenbeleri, sabaq materialları, jańalıqları hám oqıwshılar ushın paydalı resurslar jámlenedi.

Oqıtıwshınıń jeke veb saytınıń abzallıqların túsingen halda onı nátiyjeli júritiwi bir qansha qolaylıqlardı, óz iskerliginde jetiskenliklerdi alıp keledi. Oqıwshılar sabaq materiallarına qálegen waqıtta kiriw, óz betinshe úyreniw imkaniyatına iye boladı. Ata-analar perzentiniń bilimlendiriw procesi haqqında turaqlı xabardar bola aladı. Oqıtıwshı óz jumısın kórsetiw, aldıńgı tájiriybesin keń jámiyetshilikke jetkerip bere aladı. Bilimlendiriw sistemasında bolsa, ashıq-aydınlıq támiyinlenedi. Jeke veb-sayttı nátiyjeli shólkemlestiriwde oqıtıwshılardıń hámmesi de veb-dizayn hám sanlı platformalardan paydalanıw kónlikpelerine iye emesligi ayırım máselelerdi keltirip shıǵarıwı múmkin. Sebebi, sayttı turaqlı jańalap barıw kerek. Bunıń ushın, eń sońǵı sanlı bilimlerdi úyrenip barıw lazım. Ayırım aymaqlarda internet tezligi tómenligi sebepli resurslardan paydalanıw qıyınlasıwı múmkin. Sonday-aq, saytti júritiw waqıt hám miynet talap etedi. Soǵan qaramastan, búgingi jas kadrlar tárepinen jeke veb-sayt jaqsı alıp barılsa ózi hám iskerligi ushın jaqsı nátiyjelerdi qolǵa kirgizedi.

Demek, oqıtıwshınıń jeke veb-saytı sanlı bilimlendiriwdiń ajıralmas bólegi bolıp, bilimlendiriw procesinde ashıq-aydınlıq, birge islesiw hám nátiyjelilikti támiyinleydi. Ol tek oqıwshılar hám ata-analar ushın qolaylı málimleme deregi emes, al muǵallimniń kásiplik kompetensiyası hám metodikalıq jumısın rawajlandırıwshı innovaciyalıq qural bolıp esaplanadı.

**Juwmaq hám usınıslar.** Sanlı bilim beriwde is alıp barıwǵa kirisken oqıtıwshı eń dáslep, sanlı sawatlılıqtı, yaǵnıy kompyuter, internet, sanlı qurallardan nátiyjeli paydalanıwdı meńgeriwi lazım. Sonıń menen birge, tómendegi kompetenciyalardıń ózinde bar ekenligin tekseriwi kerek. Zárúrlik bolsa usı kompetenciyalardı qáliplestirip is alıp barsa nátiyjeli jumıs atqara aladı.

- Texnologiyalıq-pedagogikalıq kompetenciya – oqıw baǵdarlamaların texnologiyalar menen úylestiriw.
- Informaciya mádeniyatı – maǵlıwmattı tańlaw, filtrlew, saqlaw hám bólisiwdi biliw.
- Kreativlik hám innovaciyalıq qatnas – jańa metod hám qurallardı engiziw.
- Kommunikativ kompetenciya – sanlı ortalıqta nátiyjeli baylanıs ornatıw. Bul kompetenciyalar oqıtıwshınıń kásiplik jumısında tabıs girewine aylanadı. Sanlı texnologiyalar kún sayın jańalanıp atırǵanlıqtan oqıtıwshılar turaqlı túrde tájiriybe arttırıw kurslarına, sanlı pedagogika, jasalma intellekt, LMS sistemaları boyınsha treninglerge qatnasıp turıwı maqsetke muwapıq boladı. Sebebi, dástúriy hám onlayn sabaqlar ushın multimedialı kontentler yaǵnıy vizual hám elektron materiallar, arnawlı metodikalıq qollanbalar islewi, internet xızmetlerinen paydalanǵan halda vebinar hám shınıǵıwlardı shólkemlestiriwi, innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardı (gamifikaciya, AR/VR, blended learning, flipped classroom hám t.b.) endirip barıwı shárt.

Sanlı bilimlendiriw ortalıǵı oqıtıwshıdan jańasha qatnas, keń kózqaras hám turaqlı ózin-ózi rawajlandırıwdı talap etpekte. Endi oqıtıwshı tek bilim beriwshi emes, al jolbasshı, málimleme aǵımında baǵdarlawshı, motivaciyalawshı hám sanlı texnologiyalardı integraciyalawshı shaxs sıpatında kóriledi. Onıń wazıypaları tek ǵana bilimlendiriw procesin shólkemlestiriw emes, al oqıwshılarda erkin pikirlew, sanlı mádeniyat hám zamanagóy kompetenciyalardı qáliplestiriwden ibarat. Joqarıdaǵı tallawlar tiykarında sonday juwmaqqa keliw múmkin, oqıtıwshılardıń aldında házir jańa kompetenciyalardı rawajlandırıw wazıypası tur. Bul júdá juwapkerli wazıypa. Jámiyetti hám ekonomikanı rawajlandırıw ushın bilimlendiriwdi sapa jaǵınan jańa basqıshqa kóterip, sanlı bilimlendiriw kompetenciyalarına iye bolıwı kerek. Demek, sanlı bilimlendiriwdiń tabısı, bárinen burın, oqıtıwshınıń sanlı sawatlılıǵı, metodikalıq sheberligi hám jańalıqqa ashıqlıǵına baylanıslı.

## Ádebiyatlar

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020-yil 5-oktabrdagi «Raqamli O‘zbekiston — 2030» strategiyasini tasdiqlash va uni samarali amalga oshirish chora-tadbirlari to‘g‘risida»gi PF-6079-sonli Farmoni.

2. Потемкина Т.В. Зарубежный опыт разработки профиля цифровых компетенции учителя. // Научное обеспечение системы повышения квалификации кадров. 2018. №2(35). –С. 25-30.

3. Raxmatov I.I. Raqamli ta’lim muhitida pedagoglarni samarali ishlashi uchun kompetentsiyalarni shakllantirish. // Science and education journal. October 2023, volume 4, issue 10.

4. Цифровая педагогика: от дидактики к педагогическому дизайну. Сборник статей. Международная научно-практическая конференция. – Екатинбург: УрФУ, 2023.

**REZYUME.** Ushbu maqolada raqamli ta’lim muhitida o‘qituvchilarning o‘rni va asosiy vazifalari haqida ma’lumotlar berilgan. Zamonaviy ta’limda o‘z o‘rniga ega bo‘lish va mehnat bozorida raqobatbardosh kadrlarni yetishtirish uchun zarur raqamli kompetensiyalarni egallash bo‘yicha tavsiyalar beriladi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлена информация о роли и основных задачах педагогов в цифровой среде обучения. Даны рекомендации по формированию необходимых цифровых компетенций для обеспечения их соответствия требованиям современного образования и подготовки конкурентоспособных кадров на рынке труда.

**SUMMARY.** This article provides information about the role and main tasks of teachers in a digital learning environment. Recommendations are made on acquiring the necessary digital competencies to take their place in modern education and develop competitive personnel in the labor market.